**दिन— शुक्रवार** **दिनांक—23.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे चाहे आतंकवाद हो या अशांति पसारयवला माओवादी तत्व, हुनकर सरकार जीरो टॉलरेंस के नीति पर चलैत अछि। आइ नव दिल्ली मे राइजिंग नॉर्थ—ईस्ट इन्वेस्टर्स सम्मिट के उद्‌घाटन करैत श्री मोदी कहलनि जे विकसित भारतक निर्माणक लेल देशक पूर्वोत्तर क्षेत्रक विकास अत्यंत आवश्यक अछि। ओ कहलनि जे पूर्वोत्तर विविधतापूर्ण भारतक सभ सँ विविध क्षेत्र अछि आ ई विविधता देशक ताकत अछि।

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह कहलनि अछि जे ऑपरेशन सिंदूर पहलगाम हमलाक जवाब अछि आ आइ दुनिया भारतीय सशस्त्र बलक वीरताक प्रशंसा कऽ रहल अछि। श्री शाह कहलनि जे सरकारक मजगूत राजनीतिक इच्छा शक्ति आ खुफिया एजेंसी के अचूक सूचना तथा सशस्त्र बल द्वारा घातक कार्रावाई के कारण ई संभव भेल अछि। आइ नव दिल्ली मे सीमा सुरक्षा बल अलंकरण समारोह के संबोधित करैत श्री शाह कहलनि जे बीएसएफ आ सशस्त्र बल पाकिस्तानक खिलाफ भारतक जवाबी कार्रवाई मे महान वीरता आ रक्षाक शक्तिक प्रदर्शन कयलनि अछि।

---

पछिला दू बरख मे अग्निपथ योजनाक तहत भर्ती कयल गेल लगभग तीन हजार अग्निवीर लोकनि ऑपरेशन सिंदूर मे आगू बढि कऽ नेतृत्व कयलनि। सेना दिस सँ जारी बयान मे कहल गेल अछि जे एहि अग्निवीर सभ मे सँ बेसीतर बीस सालक युवा छलाह, जे पाकिस्तानक मिसाइल आ ड्रोन हमला सँ भारतक सैन्य प्रतिष्ठानक रक्षा कयलनि। सेना कहलनि अछि जे अग्निवीर सैनिक पश्चिमी मोर्चा पर तैनात वायु रक्षा इकाई मे सेहो धैर्य आ दृढ़ संकल्प देखौलनि। अग्निवीर लोकनि रडार आ आकाशतीर नोड्स के संचालित करबाक अलावा युवा अग्निवीर लोकनि पिकोरा, सिल्का, ओएसए—एके, स्ट्रेला आ तुंगुस्का मिसाइलक

संग–संग मध्यम दूरी के सतह सँ हवा मे मारि करयवला मिसाइल प्रणालीक संचालन सेहो कयलनि।

————————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता आ सांसद संजय झाक नेतृत्व मे जापान गेल सर्वदलीय शिष्टमंडल आइ टोक्यो मे लिबरल डेमोक्रेटिक पार्टीक आतंकरोधी अनुसंधान समितिक कार्यवाहक अध्यक्ष आ पूर्व न्याय मंत्री यासूहिरो हनाशी सँ भेंट कयलनि। शिष्टमंडल आतंकवादक सभ रूपक खिलाफ भारतक दृढ़ रूख स्पष्ट कयलनि। दूनू पक्ष आतंकवाद के किन्नहु बर्दास्त नहि करबाक नीति के दोहरौलनि। एहि दरमियान श्री झा कहलनि जे दुनियाक कोनो हिस्सा मे भऽ रहल आतंकवादी गतिविधिक पाकिस्तान सँ कोनो–न–कोनो संबंध रहैत अछि।

————————————————————————

रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव आइ कहलनि जे उन्नत प्रौद्योगिकी के विकासक संग रेलवे वंदे भारत आ नमो भारत जेहेन नव ट्रेनक निर्माण मे आत्मनिर्भर बनि रहल अछि। मुंगेरक जमालपुर मे एक समारोह के संबोधित करैत श्री वैष्णव कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे पछिला दस बरख मे देश पचास हजार किलोमीटर रेलवे नेटवर्कक विद्युतीकरण कयलक अछि। ओ कहलनि जे भारत सभ क्षेत्र मे आत्मनिर्भरताक शक्ति देखलक अछि। एहि मे हालहि मे कयल गेल ऑपरेशन सिंदूर सेहो शामिल अछि, एहि मे देशक सशस्त्र बल पाकिस्तानक हवाई अड्डा के नेस्तनाबूद कऽ देलक। श्री वैष्णव जमालपुर स्थित इंडियन रेलवे इंस्टीट्यूट ऑफ मैकेनिकल एंड इलेक्ट्रिकल इंजीनियरिंग के हर संभव मददिक आश्वासन देलनि। ओ जमालपुर लोकोमोटिव वर्कशॉप आ ईरमी के विकासक लेल तीन सय पचास करोड़ टाकाक कार्य योजना शुरू कयलनि। रेलमंत्री कहलनि जे दू हजार छब्बीसक शैक्षणिक सत्र धरि ईरमी संस्थान मे आम छात्रक दाखिला सेहो होयत। रेलमंत्री अश्विनी वैष्णव जमालपुर रेल वर्कशॉप के क्षमतावर्धन के लेल वैगन पीरियोडिक ओवरहॉलिंगक शिलान्यास सेहो कयलनि। एहि पर लगभग उनासी करोड़ टाकाक लागति आओत। एहि सुविधाक शुरू होयबा सँ जमालपुर वर्कशॉप मे रख–रखावक क्षमता बढि कऽ आठ सय वैगन भऽ जायत। रेलमंत्री जमालपुर रेलवे स्टेशनक निरीक्षण आ यात्री सुविधा सभक जायजा सेहो लेलनि। एहि अवसरि पर केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह, उप मुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ सम्राट चौधरी सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

सहकारिता मंत्री डॉक्टर प्रेम कुमार मधुबनीक रहिका सेन्ट्रल कॉपरेटिव बैंक मे आयोजित एक कार्यक्रम मे सहायता समूहक बीच ऋणक वितरण कयलनि। एकर अतिरिक्त डॉक्टर कुमार राष्ट्रीय कृषि विकास योजनाक तहत स्वीकृत लदनियाँ प्रखंडक डालोखर पैक्स मे एक हजार मीट्रिक टन क्षमताक गोदाम निर्माण काजक आधारशिला रखलनि। एम्हर, सहकारिता विभाग राज्यक सभ प्राथमिक कृषि साख समिति, पैक्स मे बीस जून के वार्षिक आमसभा आयोजित करयबाक निर्णय लेलक अछि।

———————————————————————————

चक्रवातीय परिसंचरणक प्रभाव सँ प्रदेश मे रूकि–रूकि कऽ बरखाक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार भागलपुर, बांका, मुंगेर, लखीसराय, जमुई, वैशाली, गयाजी आ नालंदा समेत लऽग–पासक हिस्सा मे आइ भोर हल्का बरखा भेल अछि। विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तरी भागक किछु ठाम ठनकाक संग बरखाक ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि दरमियान पचास सँ साठि किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ हवा सेहो चलि सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।